



Pou Piblikasyon Imedya: 21/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PI GWO SOLISITASYON ENÈJI RENOUVLAB
KONBINE KE YO JANM PIBLIYE NAN ETAZINI POU KONBAT CHANJMAN
KLIMATIK**

Solisitasyon enèji ewolyèn k'ap mennen nan nasyon an k'ap chèche jiska 2,500 megawat nan enèji renouvlab ak yon investisman enfrastrikti milti-pò konplemantè, k'ap totalize plis pase 400 milyon dola nan dola piblik ak prive pou enfrastrikti pò nan New York depi ane pase; epi li voye yon siyal demann "achte-pwòp" pou materyèl avanse yo

Gouvènè anonse tou solisitasyon kowòdone pou pwojè enèji renouvlab ki baze sou tè k'ap chèche plis pase 1,500 Megawat enèji pwòp, sa ki ase pou alimante demi milyon kay nan New York pou 20 ane

Epitou li lanse yon pwosesis pou travay avèk kominote lokal yo pou idantifye sit ki "Prepare pou Bati" pou devlopman enèji renouvlab a gran echèl - yon pwochen etap enpòtan nan enpleman Pwogram Devlopman Resous Enèjetik Pwòp ak Pwogram Ankourajman anba Lwa sou Kwasans Enèji Renouvlab ak Lwa Avantaj Kominotè yo

Nan kad pandemi COVID-19 ki ankou a, yo prevwa 4,000 megawat nan pwojè devlopman enèji pwòp ta dwe estimile apeprè 7 milya dola nan investisman dirèk ak kreye apeprè 4,500 anplwa akoutèm ak alontèm ki byen peye, k'ap ede relanse ak estimile kwasans ekonomik kòm yon pati nan re-ouvèti ak nan re-imaginer ekonomi Eta New York

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse pi gwo solisitasyon enèji pwòp konbine ke yo te janm pibliye nan Etazini, k'ap chèche jiska 4,000 megawat nan kapasite renouvlab pou konbat chanjman klimatik. Dezyèm solisitasyon enèji ewolyèn New York la ap chèche jiska 2,500 megawat nan pwojè, sa ki pi gwo nan istwa peyi a, anplis de solisitasyon ane pase a ki lakòz yo te akòde prèske 1,700 megawat. Solisitasyon an gen ladan yon estrateji milti-pò ak egzijans pou jeneratris enèji ewolyèn yo pou yo fè patenarya avèk nenpòt nan 11 pò pre-kalifye New York pou etap, konstwi, fabrike eleman kle, oswa kowòdone operasyon ak antretyen aktivite yo. Solisitasyon sa a gen potansyèl pou mennen Eta New York nan mwatye chemen pou rive nan objektif 9,000 megawat li nan enèji ewolyèn apati 2035 epi satisfè objektif klima ak anviwònman Gouvènè Cuomo k'ap mennen nan nasyon an dapre Lwa sou Lidèchip Klimatik ak

Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) a. Finansman pou investisman pò ap gen ladan 400 milyon dola alafwa nan finansman piblik ak prive.

"Pandan youn nan ane ki pi difisil New York te janm fè fas a, nou rete vrèman konsantre sou enplemante plan klima nou an epi grandi ekonomi enèji pwòp nou an, pa sèlman pou pote avantaj ekonomik enpòtan ak travay bay eta a, men pou atake byen vit chanjman klimatik la nan sous li nan diminye emisyon nou yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Avèk solisityon ki brize rekò sa yo pou enèji renouvlab ak nouvo enfrastrikti pò, New York ap kontinye mennen chemen an ak Nouvo Akò Ekolojik (Green New Deal) ki pi anbisyè nan peyi a, kreye yon avni ki alimenté a sous enèji renouvlab, pwòp."

Anplis de solisityon enèji ewolyè lan, Gouvènè a te anonse tou emisyon pa NYSERDA ak NYPA sou pi gwo solisityon kowòdone nan peyi a pou pwojè enèji renouvlab a gran echèl ki baze sou tè pa yon eta Ameriken, dapre Estanda Enèji Pwòp Eta a. Ansanm, solisityon konbine NYSERDA ak NYPA ap chèche jwenn plis pase 1.500 megawat enèji pwòp, renouvlab, ki ase pou alimante prèske 500,000 kay. Pwojè ki baze sou tè ki aplikab ke yo chwazi yo pral akselere nan konstriksyon anba inogirasyon lejislasyon ki te pase nan bidjè a pou akselere konsiderableman sit enèji renouvlab pou asire yo devlope pwojè yo yon fason responsab ak byen vit pou eta a satisfè manda CLCPA li a.

Nan kad pandemi COVID-19 ki ankou a, solisityon yo, ki konbine avèk yon opòtinite finansman konpetitif milti-pò espere estimile apeprè 7 milya dola nan investisman dirèk ak pou kreye apeprè 4,500 anplwa akoutèm ak alontèm ki byen peye nan salè an vigè aplikab yo, k'ap ede relance epi pouse kwasans ekonomik kòm yon pati nan re-ouvèti ak re-imaginasyon ekonomi Eta New York. Solisityon yo bay priyorite pou anbochaj nan Zòn Jistis Anviwònmanal (Environmental Justice Areas) yo ak benefis pou Kominote Defavorize yo annakò ak nouvo lwa klima eta a. Solisityon yo voye tou yon siyal demann achte-pwòp ki klè nan mache a pou estimile itilize materyèl avanse, tankou siman kabòn-negatif, ak lòt estrateji pou diminye anprent kabòn nan pwochen pwojè renouvlab a gran echèl yo. Anons sa a, makonnen ak refòm pozitif anpòtan nan bidjè yo adopte a, ki demontre yon akselerasyon konplè nan aksyon pou reyalize manda Eta New York pou garanti 70 pousan elektrisite eta a nan enèji renouvlab apati 2030.

O total, enèji ewolyè nan zòn kot yo, enfrastrikti pò, ak tyèsè renouvlab ki baze sou tè nan solisityon yo k'ap chache pwokire apeprè 12 milyon megawat-èdtan, ki ase pou alimante 1.5 milyon kay chak ane. Ansanm, pran an kont valè pou evite emisyon kabòn, solisityon sa yo prevwa delivre yon 3 milya konbine nan benefis nèt sou yon dire 20 a - 25 ane nan pwojè yo.

Endistri enèji pwòp la pwouve ke li se yon kondiktè ekonomik fò, nan depase kwasans mendèv nasyonal la pa prèske de fwa to anvan COVID epi li pral gen yon wòl esansyèl nan kreye aktivite ekonomik akoutèm ak alontèm pou ede ekonomi lokal yo leve anba pandemi an apre re-ouvèti a. Solisityon konbine enèji ewolyè nan zòn kot yo ak pò a

make yon pwochen etap enpòtan nan pwogram enèji wolyèn nan zòn kot New York pou bati sou premye pwojè enèji ewolyèn nan zòn kot yo - Empire Wind ak Sunrise Wind - ki reprezante pi gwo apwovozyònman enèji renouvlab nan istwa Ameriken, nan prèske 1,700 megawat, epi ki pral kreye ase enèji pou alimante plis pase 1 milyon kay. Yon fason remakab, solisitasyon an pral aksepte òf ki konbine pwojè jenerasyon enèji ewolyèn nan zòn kot yo ak investisman nan pò New York pou sipòte globalman devlope endistri ewolyèn eta a ki an plèn esò nan yon patenarya piblik/prive inovan.

Emisyon Eta a nan solisitasyon enèji renouvlab kowòdone ki baze sou tè kòm yon pati nan yon seri acha dapre Estanda Enèji Pwòp eta prevwa lakoz devlopman plizyè douzèn pwojè renouvlab a gran echèl nan pwochen deseni an. New York deja sibvansyone 67 gwo pwojè enèji renouvlab depi 2018 - angajman Eta ki pi enpòtan an favè enèji renouvlab nan nasyon an. Sibvansyon nan enèji renouvlab sa yo, konbine avèk angajman rekò New York nan ewolyèn nan zòn kotyè ki te anonse ane pase pral kapab jenere plis pase 11 pousan nan demann elektrisite yo prevwa pou eta a an 2030.

Doreen M. Harris, Prezidan Pwovizwa ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare, "Pandan Gouvènè Cuomo ak Eta a travay avèk dilijans pou re-ouvri ekonomi New York san danje, enèji pwòp reprezante yon zouti optimal pou relanse aktivite sa yo. Dezyèm solisitasyon enèji ewolyèn nan zòn kot yo konbine nou an avèk investisman istorik sa a nan enfrastrikti pò eta a pral asire ke New York kontinye reteyon lidè nan pouswit enèji ewolyèn nan zòn kot k'ap mennen nan nasyon nou an. Pò New York yo pral sèvi yon wòl enpòtan anpil nan sipòte devlopman alontèm pwojè enèji ewolyèn nan zòn kot yo pa sèlman nan New York men nan tout Kòt Lès la pandan y'ap sipòte nouvo djòb ak investisman nan Eta a pandan rekiperasyon eta a anba COVID-19 la. Etap enpòtan jodi a bati sou yon seri gwo pwojè renouvlab k'ap mennen nan nasyon an ke yo te sibvansyone pandan twazan ki sot pase yo epi ki pral ankouraje devlopman ekonomik ki nesèsè anpil pou kominote pati nò New York yo, k'ap bay priorite ak enkyetid sou jistis nan anviwònman an, epi pou fè nou pwoche pi pre pou acheve objektif enèji pwòp ak kliman Gouvènè Cuomo a k'ap mennen nan nasyon an".

Gil C. Quiniones, prezidan ak direktè jeneral NYPA, te deklare, "New York ap mennen transfòmasyon nan yon ekonomi enèji pwòp nan akselere devlopman nan plis gwo pwojè solè ak ewolyèn nan tout kwen nan eta a. Investisman sa yo mete nou devan nan transfòmasyon nan enèji pwòp e tankou New York toujou fè, nou ap mennen bak la. Pou reyalize objektif nasyonal nou an nan 100 pousan elektrisite san kabòn apati 2040 ak fè enpak dirab kont ravaj yo nan chanjman klima a, nou dwe aji kounye a. Solitasyon NYPA mande pou pwojè renouvlab nan nivo sèvis piblik ki pral pwodwi yon pwodiksyon anyèl ki rive jiska 2 milyon MWh (megawat-èdtan) oswa plis. Kòm gwo pwojè solè ak ewolyèn sa yo, kèk ki gen yon opsyon pou depo, pral antre an fonksyon pou nou redwi emisyon, ekplwate abondans resous natirèl nou yo, ak ranfòse devlopman ekonomik nan tout rejyon yo nan eta nou an k'ap trase egzanp pou lòt yo".

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation) Eta New York la, Basil Seggos te deklare, "New York ap bay egzanp pou aksyon eta a dirije yo sou klima a. Pou reyalize objektif eta a k'ap mennen nan

nasyon an ak redwi emisyon gaz efè sè epi bati sous enèji pwòp yon fason responsab, New York dwe eksplwate potansyèl enèji ewolyèn eta nou an. Anons jodi a se plis prè ke atravè lidèchip Gouvènè Cuomo sou klima ak inisyativ kontinyèl nou an pou enèji pwòp, New York ap dirije efò nasyon an yo aji sou klima pandan y ap pwoteje kominote nou yo ak resous natirèl nou ki iraplasab".

Enfrastrikti Ewolyèn Olaj Zòn Kot yo ak Enfrastrikti Pòtyè

Nan chèche omwen 1,000 megawat nan enèji ewolyèn nan zòn kot yo, kowòdone ak yon opòtinite 200 milyon dola pou sipòte investisman lokal ak prive nan enfrastrikti pòtyè, NYSERDA pral aksepte òf enèji ewolyèn nan zòn kot yo ki genyen ant 400 megawat ak jiska 2,500 megawat. Anplis de livrezon yon kantite enèji pwòp, renouvlab siyifikatif bay Nouyòkè yo, [solisitasyon](#) konbine sa a mande pwopozisyon pou investisman nan enfrastrikti pòtyè, ki vize ankouraje investisman prive, epi maksimize benefis ekonomik ak kreyasyon djòb pou Nouyòkè yo pandan y'ap lakoz rediksyon pri alavni pou teknoloji sa a epi etabli New York kòm sant chèn apwovizyonman enèji ewolyèn nan zòn kot yo. Dispozisyon notab ki genyen ankò nan demann sa a gen ladan:

- Dispozisyon yo egzije peman salè an vigè a, yon estanda ki etabli pa Depatman Travay (Department of Labor, DOL) Eta New York, ak negosyasyon bòn fwa nan direksyon itilizasyon Konvansyon Travay Pwojè (Project Labor Agreement) pou travayè ki asosye ak konstriksyon nan nenpòt ki etablisman yo akòde ak kontinye bay priyorite opòtinite ak Antrepriz Biznis Ke Minorite ak Fanm yo Posede (Minority and Women-owned Business Enterprises, MWBEs) ak Biznis ki Gen kòm Pwopriyetè Ansyen Konbatan ki Andikape nan kad Sèvis (Service-Disabled Veteran-Owned Businesses) yo pou sipòte pwojè sa yo;
- Ankourajman pou kreyasyon djòb ki gen rapò ak endistri a yo, depans pwojè ak investisman k ap fèt nan enfrastrikti Eta New York la yo, lè yo egzije pou benefisyè yo soumèt yon plan avantaj ekonomik pou evalyasyon, ki gen odit ak verifikasyon endepandan ki te fèt sou reyalizasyon afimasyon sa yo pou soutni yo;
- Priyorite etandi resansman ki gen revni ki fèb ak Zòn Jistis Anviwònmanal pou kontribiye nan bay kreyasyon djòb anjeneral ak benefis pou Kominote Defavorize yo, annakò avèk Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè Eta a;
- Voye yon siyal demann achte-pwòp ki klènan mache a pou ankouraje konsiderasyon anprent kabòn nan konsepsyon pwojè a, apwovizyonman ak konstriksyon ak estimile pou itilizasyon materyèl avanse yo; ak
- Aktivman abòde enterè moun ki itilize lanmè a yo tankou pou lapèch komèsyal ak rekreyatif, ak pati prenand anviwònmanal yo jan sa reflète nan plan atenyasyon ke Gwoup Travay Teknik New York la te etabli pa Plan Direktè Devlopman Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kòt (Offshore Wind Master Plan) New York la.

Pou sipòte pozisyon New York kòm sant pou endistri enèji ewolyèn nan zòn kot yo, NYSEERDA, avèk asistans NY Green Bank, Empire State Development ak Depatman Transpò (Department of Transportation, DOH) Eta New York, yo tout pral sipòte solisitasyon konbine sa a pou envesti ak amelyore enfrastrikti pòtyè eta a. 400 milyon dola nan finansman prive ak piblik la gen ladan:

- 100 milyon dola nan sibvansyon finansman Empire State Development,
- 100 milyon dola nan finansman a fèb enterè,
- 200 milyon dola nan fon kontrepati sektè prive a, pou yon kontrepati piblik/prive 1:1.

RFP a bay priyorite finansman pou pwojè ki pral fonksyone rapid pou ede rekòmanse ekonomi New York epi sa pral kondwi lòt investisman prive nan endistri a epi sipòte dirèkteman pwojè enèji ewolyèn nan zòn kot yo. Eta a te lanse premye faz pwosesis sa a nan mwa oktòb 2019 la, lè li te pibliye yon Demann pou Kalifikasyon ki pre-kalifye 11 pwopozan yo pou patisipe nan pwosesis konpetitif sa a, ak pwopozisyon yo lakòz yo reprezante yon seri pwojè san parèy, ki se yon endikatè fò nan enterè ak opòtinite mache a.

11 sit yo pre-kalifye yo sitiye nan Long Island nan Rejyon Kapital la. Sit sa yo, kounye a kalifye pou fè patenarya avèk devlopè enèji ewolyèn nan zòn kot yo pou jiska 200 milyon dola nan finansman piblik pou itilizasyon dirèk nan avanse yon pwojè enèji ewolyèn nan zòn kot yo ak endistri alontèm lan, gen potansyèl pou sipòte divès kalite itilizasyon final nan chèn apwovizyonman tankou platfòm, enstalasyon, fabrikasyon ak operasyon ak antretyen.

Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo Nonme pou Empire State Development lan, Eric Gertler te deklare, "Envesti nan inisyativ vèt se yon estrateji entelijan pandan n'ap konsantre sou re-dinamize ekonomi Eta New York ak bati pi bon pase anvan. Teknoloji enèji ewolyèn nan zòn kot yo la asire Empire State a byen pozisyon pou divèsifye apwovizyonman enèji nou alavni, k'ap pwomote yon anvivònman natirèl ki pi pwòp epi sipòte kreyasyon djòb alontèm ak devlopman ekonomik".

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez te deklare, "Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, New York kontinye fè envestisman san parèy pou asire ke enfrastrikti transpò enpòtan nou yo sipòte objektif enèji pwòp renouvlab ak klima Eta a k'ap mennen nan nasyon an. Investisman nivo rekò sa a pou devlopman pò nan sipòte jenerasyon enèji ewolyèn pral akselere kreyasyon travay vèt ki byen peye ak amelyore konpetitivite ekonomik la nan New York".

Anba demann konpetitif sa a, Eta New York ap ofri sipò finansman pou tip espesifik aktif enfrastrikti tankou sou-sòl ranfòse oswa nouvo estrikti pwoteksyon plaj, ki optimize pou adapte ak devlopman enfrastrikti pòtyè pou endistri enèji ewolyèn lan. Solisitasyon an ap chache yon kontrepati 1:1 nan finansman prive pou bati sou angajman eta a.

Yo pral ofri finansman an de kategori:

1. Sibvansyon finansman: jiska 100 milyon dola nan sibvansyon yo pral bay sou yon baz ranbousman depi ke yo satisfè etap enpòtan pwojè yo.
2. Finansman dèt: yo pral bay finansman dèt premye ran pa anpren garanti jiska 100 milyon dola depi ke yo satisfè etap enpòtan pwojè yo.

Òf pou solisitasyon enèji ewolyèn nan zòn kot yo ak pò konbine yo bout 20 oktòb 2020, ak prim ak kontra yo dwe egzekite nan katyèm trimès 2020, respektivman.

Solisitasyon enèji renouvlab a gran echèl NYSERDA

[Solisitasyon NYSERDA](#) fè apèl a devlopman pwojè enèji renouvlab elijib nan Nivo 1 ki pral jenere 1.6 milyon megawat a èdtan oswa plis chak ane. Pwojè ki kalifye yo enkli nenpòt pwojè ki ka sètifye kòm yon teknoloji renouvlab nan Nivo 1 epi ki te antre an operasyon apre, 1 janvye 2015, epi ki antre an operasyon komèsyal nan dat 30 novanm 2022, ak opsyon a pou ekstansyon a 30 novanm 2025. Pwojè yo ki baze sou tè yo chwazi yo pral pi rapid nan konstriksyon anba inogirasyon lejislasyon ki vize lajman akselere sit enèji renouvlab ki te adopte nan bidjè ane sa a. NYSERDA prevwa notifye devlopè yo rekonpans yo nan debi 2021.

Pou premye fwa, NYSERDA pral pèmèt pwopozan yo itilize estrikti kontra inovan Index REC yo pou ofri devlopè enèji pwòp yo plis fleksibilite pou adapte yo ak finansman yo ak bezwen operasyonèl yo, pandan y'ap asire ke Nouyòkè yo alafwa benefisyè reduksyon nan depans devlopman pwojè ak bòdwo enèji ki plis previzib.

Menm jan ak enèji ewolyèn nan zòn kot yo, solisitasyon an voye yon siyal demann achte-pwòp ki klè bay mache a pou ankouraje konsiderasyon anprent kabòn nan konsepsyon pwojè a, apwovizyonman ak konstriksyon, ak priyorete etandi resansman ki gen revni ki fèb ak Zòn Jistis Anviwònmanal pou kontribiye nan bay kreyasyon djòb anjeneral ak benefis pou Kominote Defavorize yo, annakò avèk Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè Eta a.

Angajman kominotè ak sipò sou tèren an krisyal pou devlopman ki reyisi pou pwojè enèji renouvlab sa yo, epi solisitasyon yo ke yo te pibliye jodi a gen ladan estanda ak egzijans ki enpòtan yo pou sansibilizasyon ak planifikasyon kominotè ki efikas.

Dispozisyon remakab nan solisitasyon sa yo enkli men pa limite a:

- Egzije pou yo peye travayè ki asosye ak konstwiksyon nenpòt etablisman ki benefisyè yo salè an vigè ki aplikab la, sa ki ap asire ke pwojè yo pral kreye bon jan kalite travay ki byen peye pou moun New York yo;
- Prezève ak pwoteje resous agrikòl ak anviwònmanal ki gen anpil valè nan New York nan egzije Pwopozan yo pou yo soumèt Plan Permit solid pou adrese enpak espesifik sou sit la epi asire ke tout priyorete Eta yo konte kòm yon pati nan pwosesis planifikasyon ak devlopman pwojè a;

- Ankouraje aktivite rekiperasyon ekonomik akoutèm nan kominote yo k'ap òganize pwojè yo nan ankouraje devlopè yo pwopoze benefis ekonomik ki ka kòmanse imedyatman;
- Asire ke kominote ki pral òganize pwojè ki aksepte avèk siksè yo patisipe konplètman nan pwosesis devlopman an, epi pou Pwopozan yo demontre yon angajman pou angajman kominotè souvan epi aktif; ak
- Kontinye ankouraje pwopozisyon ki asosye enèji renouvlab ki gen teknoloji estokaj enèji avanse yo nan yon fason rantab pou ede satisfè angajman Gouvènè Cuomo pran pou deplwaye 3,000 megawat estokaj enèji apati 2030 jiska apati 1,500 megawat estokaj enèji apati 2025.

Anplis de respekte direktiv Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets, DAM) yo pou pwojè enèji solè ak tout règleman aplikab kòm yon pati nan nouvo pwosesis lokalizasyon Eta a, pwojè yo akòde yo ki afekte sèten klas nan sòl premye chwa agrikòl yo ka responsab pou fè yon peman alèjman agrikòl yon fon ki deziyen, pou asire ke New York kapab pouswiv objektif priyorite li yo pou akselere enèji pwòp pandan y'ap pwoteje resous natirèl enpòtan ak tè travay eta yo.

Komisè Agrikilti Eta New York la, Richard Ball, te deklare, "Kiltivatè New York yo se premye ekolojis yo - yo dedye pou pwoteje tè ak dlo nou an ak defann resous natirèl sa yo atravè Eta ak peyi nou an. Mwen kontan anpil paske solisitasyon enèji renouvlab yo anonse jodi a pral enkli konsiderasyon sou peman alèjman agrikòl, k'ap ede Eta New York kontinye trase chemen nan ekonomi enèji pwòp nou an, pandan n'ap asire tou pou prezève tè pwemye chwa ak tè agrikòl yo pou kiltivatè nou yo ka kontinye fè travay enpòtan yo pou mete manje nourisan sou tab pou kominote nou yo".

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te di, "Politik enèjetik renouvlab pwogresif ak angajman pou inovasyon Gouvènè Cuomo te rann sektè enèji pwòp la yon motè pou travay ak kwasans ekonomik. Depatman Travay la te jwen yon wol vital pou asire ke djòb ki kreye atravè enfrastrikti vè yo pral peye yon salè an vigè ak kreye karyè dekalite pou manm yo ak pou tout Moun New York".

Solisitasyon enèji renouvlab a gran echèl NYPA

[Solisitasyon NYPA](#) mande pou devlopman pwojè renouvlab nan nivòl sèvis piblik ki pral pwodwi yon pwodiksyon anyèl ki rive jiska 2 milyon MWh (megawat-èdtan) oswa plis. Teknoloji ki kalifye yo enkli fotovoltaiik solè ak ewolyèn epi yo ka enkli yon opsyon pou marye depo enèji.

Pwojè yo oblije konekte nan Eta New York epi yo gen yon kapasite pwodiksyon ki nan kategori 20-25 MW oswa 100 MW oswa pi plis. Objektif 2 milyon MW/èdtan ka sèvi pa youn oswa plizyè pwojè. Kontra yo ofri yo pral pou yon gwoup pwodwi ki pral gen ladan enèji, kapasite ak REC yo. Pwojè yo chwazi yo prevwa rantre an fonksyon ant 2021 ak 2024, epi yo pral anonse nan fen ane 2020 soumisyonè ki genyen yo.

Chak otorite pral evalye dispozisyon yo selon kritè espesifik ki dekri nan RFP respektif otorite a.

Anons lan ofri yon rit previzib solisitasyon pou devlopè enèji renouvlab yo, epi li pral sipòte devlopman ak envestisman kontinyèl nan pwojè enèji pwòp toupatou atravè Eta yo. NYPA ak NYSERDA pral kowòdone konsènan delè ak seleksyon prim pou solisitasyon respektif yo.

Pwopozan pou de gwo solitasyon yo pral kapab chèche pèmi pou premye fwa nan nouvo Sit Biwo Enèji renouvlab yo kòm yon pati nan efò yo ki rann pwojè yo nan operasyon. Dapre nouvo lwa a, tout gwo pwojè enèji renouvlab ki gen plis pase 25 megawatt pral oblije chèche yon pèmi apwouve nan biwo Sit la pou nouvo konstriksyon oswa ekspansyon. Nouvo pwojè gwo ant 20 ak 25 megawatt pral kapab patisipe tou. Pwojè yo ki deja nan premye faz pwosesis aktyèl Atik 10 nan sit la atravè Komite Konsèy Eta a ka rete nan Atik 10 oswa patisipe nan nouvo pwosesis lokalizasyon an.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou solisitasyon enèji renouvlab a gran echèl yo, tanpri vizite [sit entènèt](#) NYPA a oswa [sit entènèt](#) NYSERDA a. Soumisyon NYPA yo bout apati 14 septanm ak NYSERDA apati 27 out.

RFI Nominasyon Sit Pare pou Bati

Jodi a NYSERDA te emèt yon Demann pou Enfòmasyon pou angaje ak kominote lokal yo nan tout Eta New York yo pou konsidere sit potansyèl pou devlopman gwo pwojè enèji renouvlab, ki make yon pwochen etap enpòtan nan avanse pwojè "Pare pou Bati" yo nan enpleman Pwogram Ankourajman ak Devlopman Resous Enèjetik Pwòp dapre nouvo [lwa sit la](#).

Dapre RFI sa a, NYSERDA ap chèche nominasyon yon fason aktif ofisyèl eli yo, manm kominote lokal yo, konpayi prive, kominote jistis anviwònmanal yo, oswa lòt pati ki enterese pou sit potansyèl yo pou yo konsidere kòm sit pwojè ki pare. pou bati NYSERDA pral bay priyorite ak sit ki lokalize sou sit endepandan pwodiksyon elektrik yo, ansyen sit endistriyèl yo, sit komèsyal ki deja egziste oswa abandone yo, zòn endistriyèl ak depotwa yo, ki gen 26 ekta tè oswa ki pi gwo epi ki gen tèren plat oswa lis. Yo pral evalye sit pwopozè yo sou baz kondisyon sit anviwònmanal yo, kapasite pou entèkonekte nan rezo elektrik la, ak si wi ou non sit la fizikman adapte pou òganize yon pwojè enèji renouvlab a gran echèl. NYSERDA pral aksepte nominasyon sou yon baz woulman k'ap kòmanse 21 jiyè 2020 jouk 20 jiyè, 2021 epi yo ka soumèt li [isit la](#).

NYSERDA pral evalye ak analize sit nominasyon yo pou potansyèl devlopman yo. Pou sit yo chwazi yo, NYSERDA pral avanse pwojè yo atravè pèmi ak konsepsyon, finalman nan vant ozanchè sit ki pa gen risk ki pare pou bati ki asosye ak akò kredi enèji renouvlab yo pou devlopè komèsyal yo konstwi ak opere yon pwojè enèji renouvlab nan sit la.

Nan kad pwogram nan, devlopè komèsyal ki resevwa pake sit pare pou bati a pral oblije respekte dispozisyon salè an vigè ki konsistan avèk solisitasyon ki baze sou tè a gran echèl yo. Anplis de sa, NYSERDA ap bay priyorite tou ak angajman kominotè ak

benefis, tankou pwogram devlopman mendèv oswa rabè bòdwo sèvis piblik, pou konsantre sou bezwen jistis anviwònman ak kominote ki defavorize yo.

NYSERDA pral òganize yon seminè enfòmasyon an liy 4 out, 2020 apati 3:00 p.m. pou rive 4:00 p.m. diskite sou Pwogram Pare pou Kontwi a ak RFI sa a. Moun ki gen enterè ki entere yo ka siyen pou seminè an liy lan [isit la](#).

Anons jodi a bati sou Lwa sou Kwasans Akselere Enèji Renouvlab ak Benefis Kominotè (Accelerated Renewable Energy Growth and Community Benefit Act), ki te pase kòm yon pati nan dènye bidjè yo te adopte a, ki pral siyifikativman ede pi vit mach la nan devlopman enèji renouvlab nan tout eta a ak akselere planifikasyon an ak bati an vrak ak transmasyon lokal ak distribisyon enfrastrikti. Lwa sa a kreye yon Biwo Sit Enèji Renouvlab ki se yon premye nan nasyon an pou amelyore ak rasyonnalize pwosesis seleksyon sit ki respekte nòm anviwònman epi ki rantab pou pwojè enèji renouvlab a gran echèl yo pandan y'ap bay avantaj enpòtan pou kominote lokal yo. Li gen ladan l tou dispozisyon kritik ki pral ede ouvri chemen an pou delivre elektisite pwòp bay Nouyòk yo nan reyon nò ak sid eta nan bay priyorite ak amelyorasyon ki nesèsè nan rezo elektrik la.

Pou chak nan twa solisasyon ki te lanse jodi a, tout pwopozan yo, kòm yon pati [NY Forward](#) Eta, epi dapre Dekrè Egzekitif yo, pral oblije swiv pandan Ijans Sante Piblik COVID-19 Konsèy Pwovizwa pou Aktivite Konstriksyon Depatman Sante a mete deyò, epi tou konfòme yo ak enfòmasyon ki enkli nan Kesyon Yo Poze Souvan (FAQ) an sou NY Forward ak Re-ouvèti Biznis ki mentni pa ESD.

Senatè Todd Kaminsky, ki se Prezidan Komite Konsèvasyon Anviwònman la (Environmental Conservation Committee), te deklare, "Enèji ewolyèn enpòtan anpil pou devlope yon ekonomi enèji pwòp, konbat chanjman klima ak leve eta nou an soti anba konsekans devastatè ekonomik COVID-19 yo. Anons jodi a se yon etap pasyonan ak nesèsè sou wout pou redwi depansans Eta nou an de konbistib fosil yo epi fè avanse objektif enèji ekolojik yo etabli nan Lwa sou Pwoteksyon Kominotè ak Lidèchip Klimatik mwen an. Kòm nou ap emèje anba bèss ekonomik ke pandemi an te koze a, mwen rekonesan pou Gouvènè Cuomo ak Doreen Harris paske yo asire ke rajenisman ekonomi New York la kòmanse ak avanse enèji renouvlab".

Senatè Kevin Parker te deklare, "Yon ane de sa, ansanm ak kòlèg mwen yo nan lejislati a ak lidèchip Gouvènè Cuomo, New York te adopte enèji renouvlab ak lwa sou klima nan nan nasyon an ki pi agresif --Lidè Klima ak Lwa pou Pwoteksyon Kominotè a. Jodi a, New York ap fè yon lòt gwo kwasans pou asire ke nou relanse devlopman enèji pwòp ki pa pral sèlman ede kreye yon anviwònman pi pwòp, li pral stimile kwasans ekonomik nan tout eta a. Pandan n'ap chèche refè anba konsekans devastasyon pandemi COVID-19 la, mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li kontinye fè enèji pwòp yon priyorite ak yon reyalyite pou eta nou an".

Manm Asanble a Michael Cusick te deklare, "Anons jodi a ekstrèmman enteresan pou moun ki nan New York ki konprann ke kreyasyon yon endistri enèji ewolyèn nan

zòn kot yo isit la lakay nou pral ede garanti endepandans ak disponiblite enèji. Espesyalman nan klima ekonomik aktyèl la, solisitasyon sa a pral ede kreye konfyans nan pespektiv finans New York pou konsomatè enèji komèsyal ak rezidansyèl yo, moun k ap chèche travay yo, ansanm ak investisè yo. Mwen pa ka tann pou m kontinye travay avèk patnè nou yo nan Gouvènman ak sektè prive a pou garanti pozisyon New York kòm yon lidè mondyal nan devlope sektè enèji pwòp".

Manm Asanble Lejislativ la, Steve Englebright, di, "Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske li te pran mezi sa yo pou atenn objektif nou pou diminye emisyon gaz efè sè pou pwoteje Nouyòkè yo kont efè negatif chanjman klima. Nan moman nwa ak boulvèsan sa a, nou bezwen yon sans nan direksyon pozitif ak optimis epi Gouvènè a ap ofri sa atravè inisyativ sa yo pou pwoteje anviwònman an. L'ap kenbe pwomès ke nou tout te fè ane pase a lè nou te adopte Lidèchip Klima ak Lwa pou Pwoteksyon Kominotè a".

Plan klima k'ap mennen nan nasyon Eta New York la

Plan klima k'ap mennen nan nasyon Gouvènè Cuomo a se inisyativ klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, k'ap fè apèl a tranzisyon òdone epi ki jis nan enèji pwòp ki kreye djòb epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt kòm Eta New York ap Rebati Pi Byen jan l'ap retabli anba pandemi Covid la. Enpleman an lwa nan Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act), New York sou chemen pou atenn objektif obligatwa li yo nan ekonomi netralite kabòn sou echèl ekonomik ak reyisi yon ektè elektrisite -kabòn zewo emisyon apati 2040, pi rapid pase nenpòt ki lòt eta. Li fonde sou akselerasyon san presedan enèji pwòp New York la ki gen ladan investisman 3.9 milya dola nan 67 pwojè enèji renouvlab ak gran echèl toupatou atravè Eta a, kreyasyon plis pase 150,000 pòs travay nan sektè enèji pwòp New York la, yon angajman pou devlope plis pase 1,800 megawat enèji ewolyèn bò 2024, ak 1,800 pousan kwasans nan sektè enèji solè ki distribye depi 2011.

Konsèy Aksyon Klima New York ap travay sou yon plan kadraj pou bati sou pwogrè sa a epi redwi emisyon gaz efè sè pa 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 apati 2050 pandan y'ap asire ke omwen 40 pousan nan benefis ki genyen nan investisman enèji pwòp ale nan avantaj kominote defavorize yo ak avanse pwogrè nan direksyon sib efikasite enèji 2025 eta nan diminye konsomasyon enèji sou sit pa 185 TBtus.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)